# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–11 सितम्बर 2024 भोजपुरी समाचार

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी आजु कहले कि ई सिलिकॉन कूटनीति क जुग हवे अउर भारत सेमीकंडक्टर पावर हाउस बने खातिर हर कदम उठाई। उहां के कहलीं कि सरकार देस में चिप उप्पादन क संख्या बढ़ावे पर धियान दे रहल हवे। जवने से हर डिवाइस के भारत में बनल चिप्स से लैस कइल जा सके। प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी ने आजु ग्रेटर नोएडा में तीन दिन क सेमीकॉन इंडिया दुइ हजार चौबीस क उद्घाटन कइलें। अपने संबोधन के दौरान प्रधानमंत्री देस में इलेक्ट्रॉनिक्स अउर सेमीकंडक्टर उद्योग के बढ़ावा देवे खातिर कइल गइल कइ गो पहल पर रोसनी डरलें। उहां के कहलीं कि सरकार येह दसक के आखिर ले देस के इलेक्ट्रॉनिक्स क्षेत्र के पांच सौ बिलियन डॉलर क उद्योग बनावे क लक्ष्य रखले हवें। उहां के कहलीं कि ऐहसे साठ लाख नोकरी पैदा होइ। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहलें कि प्रधानमंत्री के विजन के हिसाब से ई कार्यक्रम सेमीकंडक्टर के उत्पादन, डिजाइन अउर टेक्नोलॉजी डेवलपमेंट में भारत के ग्लोबल लीडर के तौर पर स्थापित करी।

उहां के कहलीं कि उत्तर प्रदेस आजु देस–दुनिया में कंज्यूमर इलेक्ट्रॉनिक्स के निर्यातक के तौर पर उभरल हौ। तीन दिन ले चले वाले सेमीकॉन इंडिया के तहत भारत के सेमीकंडक्टर नीति पर चर्चा होई। कार्यक्रम में सेमीकंडक्टर क्षेत्र क सीर्ष नेतृत्व सामिल होइहें।

**********

उत्तर प्रदेस पुलिस भर्ती आ प्रोन्नति बोर्ड पुलिस कांस्टेबल भर्ती परीक्षा क आंसर–की जारी कइले क विस्तार से कार्यक्रम जारी कइ दिहले हवे। ई भर्ती परीक्षा 23, 24, 25, 30 अउर 31 अगस्त दुइ हजार चौबीस के भइल रहे। एके यूपी पुलिस भर्ती बोर्ड क वेबसाइट, यूपीपी, बीपीबी डॉट जीओवी डॉट इन पर जा के डाउनलोड कइल जा सकेला। बोर्ड अबहिन 23 अगस्त के परीक्षा का आंसर–की जारी कइले हवे। येह पर पनरह सितंबर ले आपत्ति दरज कइल जा सकेला। अभ्यर्थी आंसर–की से अपने उत्तर क मिलान कइ सकेलें। सथहीं ओन्हें येह में कउनो विसंगति नजर आवे ला त, ओह पर आपन आपत्तियों दरज कइ सकेलें। जेकरे बाद फाइनल आंसर–की अउर रिजल्ट जारी होइ।

**********

बौद्ध सर्किट के प्रमुख राहि पर पर्यटकन के मूलभूत सुविधा उपलब्ध करावे बदे केंद्र सरकार आगे आइल हवे। केंद्रीय पर्यटन मंत्रालय एकरे बदे सत्रह दसमलव नौ तीन करोड़ के लागत वाली तीर्थयात्रा कायाकल्प अउर आध्यात्मिक विरासत संवर्धन अभियान प्रसाद परियोजना बनवले हवे। एकरे बदे राज्य सरकार सर्वेक्षण सुरू कइ देहले हवे। चुनल गइल वाराणसी–गया, लखनऊ–अयोध्या, गोरखपुर–कुशीनगर, कुशीनगर–गया राहि पर येह योजना के धनरासि से तीर्थयात्रियन के सड़कि पर उच्च स्तरीय सुविधा दिहल जाइ।

**********

उत्तर प्रदेस सरकार राज्य में डेयरी विकास बदे दुग्ध संघ के मजबूती देवे अउर उन्हे फेर से जीवित करे के योजना के तहत येह वित्तीय बरिस में बीस करोड़ रूपिया क धनरासि मंजूर कइले हौ। येह बारे में दुग्ध विकास विभाग की ओरि से सासनादेश जारी कइ दिहल गइल हौ। ई धनरासि पहिला किश्त के रूप में मंजूर कइल गइल हौ। ई धनराशि आगरा, मैनपुरी, मेरठ, झांसी, जालौन (उरई), हमीरपुर, महोबा, बांदा, लखनऊ, लखीमपुर खीरी, बरेली, पीलीभीत, शाहजहांपुर, रामपुर, वाराणसी, मिर्जापुर, सोनभद्र, गोरखपुर, महाराजगंज, देवरिया, बस्ती, सिद्धार्थनगर, आजमगढ़, मऊ, प्रयागराज, प्रतापगढ, कानपुर, अयोध्या, अंबेडकरनगर, बहराइच अउर गोंडा जिलन बदे मंजूर कइल गइल हौ। सासनादेश में कहल गइल हवे कि मंजूर धनराशि के उपयोग में राज्य सरकार की ओर से तय कइल गइल मानकन अउर दिसा निरदेसन क पालन कइल सुनिश्चित कइल जाए।

**********

राधाष्टमी क परब आजु सरधा अउर भक्ति के माहौल में मथुरा के लेके पूरा बृज मंडल में धूमधाम से मनावल जा रहल हौ। खास तौर से राधारानी क जनम स्थली बरसाना मंदिर मे आजु भिनहिये से मंगल गीतन के बिच्चे भक्तजन उनकर दरसन कइके सर्वमंगल क कामना कइ रहल हवे। कार्यक्रम क सुरूआत भिन्नही चार बजे राधा रानी के प्रकटोत्सव के साथे भइल। पंचामृत से राधा रानी क अभिषेक कइल गइल ओकरे बाद आरती उतारल गइल। ईहा देस–विदेस से आइल लाखो सरधालु श्रीराधा जी के अभिषेक क साक्षी बनलें। येह दौरान राधा रानी के जयकारा से सारा माहौल गूंज उठल। मंदिर परिसर में सरधालु एक दुसरे के बधाइ देत देखाई देत बाटें अउर राधामय हो गइल हवे। राधा रानी, महाभिषेक के बादे शीश महल में भक्त लोगिन क लमहर–लमहर कतार लागल हवे। राधा रानी के मंदिर परिसर में हेलीकॉप्टर से फूल बरसावल जा रहल हौ।

**********

मौसम विभाग अगिला दुइ से तीन दिन में प्रदेस के ढेरि जिलन में गरज चमक के साथे आन्ही पानी क आगम जतवले हवे। पश्चिम मध्य अउर उत्तर पश्चिम बंगाल के खाड़ी में बनल कम दबाव के क्षेत्र के असर से प्रदेस के मौसम में बदलाव क आगम हवे। मौसम विभागों आजु मथुरा अउर आगरा के लेके लग्गे के जिलन में ढेरि बरखा के साथे लखीमपुरखीरी, सीतापुर, हरदोई, कन्नौज, कानपुर, अलीगढ़ कांसगंज, एटा अउर मैनपुरी में भारी से बहुत भारी बरखा क आगम जतवले हवे। ओहर, प्रयागराज, कुशीनगर, महराजगंज, सिद्धार्थनगर, उन्नाव, लखनऊ, बाराबंकी, कौशाम्बी, बांदा चित्रकूट, अमरोहा, मुरादाबाद, बरेली, पीलीभीत, संभल, बदायूं मे तेज बेयार के साथे भारी बरखा भइले क अनुमान जतवले हवे।

**********